



Pou Piblikasyon Imedya: 10/11/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE FINISMAN DEVLOPMAN LOJMAN KI A PRI ABÒDAB POU GRANMOUN AJE KI KOUTE 17 MILYON DOLA NAN KONTE ORLEANS

*Yo konvèti Lekòl Segondè istorik la an 41 apatman abòdab pou granmoun aje yo  
ak nouvo espas pou biwo vilaj Holley yo*

*Investisman an ap konplemanje inisyativ "Finger Lakes Forward" lan – ki se  
estrateji global rejyon an pou revitalize kominote yo ak devlope ekonomi an*

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse achèvmman yon reyabilitasyon sibstansyèl ki koute 17 milyon dola nan ansyen Lekòl Segondè istorik Holley a nan vilaj Holley nan Konte Orleans. Kounye a ke yo rekonèt kòm Holley Gardens, batiman an ofri 41 lojman abòdab pou granmoun aje yo ak espas reyinyon piblik ak biwo pou vilaj Holley itilize.

"Kòm New York ap bati pi byen, nou rete fèm nan angajman nou pou bay lojman ki san danje epi ki abòdab pou popilasyon vilnerab nou yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Lojman Holley Gardens lan baze sou investisman estratejik nou yo nan kominote yo toupatou nan eta a ak nan rejyon Finger Lakes la epi li pral founi 41 lojman abòdab pou granmoun aje New York yo. Nou gen responsabilite pwoteje ak sipòte granmoun aje nou yo epi nouvo devlopman tankou Holley Gardens pral ofri chans lojman enpòtan pou sila yo ki plis bezwen sa."

"Chak Nouyòkè merite chalè ak sekirite yon twati sou tèt yo ak sèvis sipò yo bezwen", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Pwojè 17 milyon dola sa a te gen ladan yon reyabilitasyon siyifikatif nan yon lekòl segondè ki te vid ki pral ofri plis pase 41 lojman abòdab pou Nouyòkè aje nou yo, ki gen ladan sèvis sipò pou moun ki gen andikap fizik yo. New York angaje pou investi nan pwojè tankou sa yo pou ede asire ekite ak pi bon kalite lavi pandan n'ap kontinye rebati pi byen, pi fò ak plis enklizif pou lavni."

Angajman Gouvènè Cuomo a pou ranfòse kominote yo ak devlope ekonomi Finger Lakes la reflete nan "Finger Lakes Forward", ki se plan global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik solid ak devlopman kominotè. Depi 2011, HCR te deja investi plis pase 639 milyon dola nan Rejyon Finger Lakes la ki te kreye oswa prezève 7,700 lojman.

Orijinalman konstwi an 1931, batiman an brik newo-klasik ki gen twa etaj la te sèvi kòm lekòl segondè vilaj la rive jis nan mwatye ane 1970 yo. Li te rete san yo pa te itilize li nan deseni yo depi lè yo fèmen li an. Apre reyabilitasyon ak anpil atansyon, ki gen ladan prezèvasyon detay achitekti orijinal yo, kounye a Holley Gardens ofri 41 apatman abòdab pou Nouyòkè ki gen 55 ane oswa plis yo.

Yo te kenbe oditoryòm orijinal lekòl la lajman entak pou itilize kòm yon espas reyinyon piblik pou reyinyon konsèy vilaj la ak pou lòt fowòm piblik yo. Zòn ki anba balkon an te renove pou abrite biwo administratif vilaj la.

Ekipman batiman pou rezidan yo enkli yon chanm kominotè, aparèy Energy Star, èkondisyone, ak enstalasyon pou lesiv, ansanm ak espas deyò. Sitiye nan kè anba lavil Holley a, Holley Gardens sitiye a kèk ak bibliyotèk vil la a, restoran, legliz, ak magazen yo vann an detay.

Sèt nan apatman yo pral disponib pou fanmi kote omwen yon manm se yon moun ki gen yon andikap fizik ki pral gen aksè a sèvis sipò ke Independent Living (Viv Endepandan) ofri nan Rejyon Genesee a. Pwomotè a se Home Leasing an patenarya ak Edgemere Development.

Finansman Eta pou devlopman 17 milyon dola a gen ladan sibvansyon federal ak Kredi Taks eta pou Lojman a Revni Fèb (Low Income Housing Tax Credits) ki te jenere yon total 6.8 milyon dola nan fon pwòp ak 4.1 milyon dola nan sibvansyon ki soti nan HCR la. Pwojè a te resevwa Kredi Taks Istorik federal ak eta ki te jenere 6.4 milyon dola nan fon pwòp ki te alwe pa Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) la. Empire State Development te bay 1 milyon dola atravè pwogram Restore NY la e Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) te bay 41,000 dola.

**RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè HCR, te deklare,** "Holley Gardens sèvi yon objektif doub pou bay 41 lojman abòdab ki nesèsè anpil pou granmoun aje Nouyòkè yo ak reyabite yon batiman istorik nan kè vilaj la. Investisman eta a pou konsève ak anpil atansyon achitekti istorik la pral soufle nouvo lavi nan distri istorik Holley a, sa k'ap kreye yon peyizaj lari ki pi pratik ak pi aktif pou rezidan batiman yo, epi montre ke ekonomi Finger Lakes yo re-ouvri pou biznis epi yo ap vanse".

**Komisè Pak Eta yo, Erik Kulleseid te deklare,** "Li rekonfòtan pou wè yon moniman istorik nan vilaj la jwenn yon nouvo lavi antanke lojman abòdab pou granmoun aje yo. Pwojè a se premye pwogram Kredi Taks Istorik ke yo itilize nan vilaj Holley a, ki kounye a rejwenn kominote yo toupatou nan eta a avèk siksè nan transfòme batiman ki pa itilize ase yo pou kreye lojman ki nesèsè anpil ak opòtinite biznis, epi prezève eritaj lokal yo".

**Komisè Pwovizwa, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè yo nonmen pou Empire State Development, Eric Gertler te deklare,** "Holley Gardens se yon premye egzanp nan apwòch kreyatif Eta New York lan nan devlopman kominotè atravè pwogram Restore NY nou an. Lè li transfòme yon lekòl ki te vid depi lontan an yon devlopman rezidansyèl dinamik

pou granmoun aje yo, patenarya piblik-prive sa a revitalize yon etablisman lokal ki pa itilize ase pou sèvi bezwen aktyèl kominote Holley la".

**Lidè Minorite Sena a, Rob Ortt, te deklare,** "Holley Gardens pral yon bèl ogmantasyon nan Vilaj nan Holley a ak pou rezidan granmoun aje nou yo ki ap chèche yon nouvo kote, men ki abòdab, pou yo rele lakay yo. Nan renove Lekòl Segondè Holley ki deja egziste a, Eta New York ak patnè prive yo jwenn yon fason pou re-itilize moniman Vilaj Holley yo pou rezidan yo nan kominote a. Mwen fyè dèske mwen deja travay avèk ofisyèl lokal fòmidad yo pou jwenn finansman eta epi fè pwojè sa vin yon reyalite".

**Manm Asanble Stephen Hawley te deklare,** "Holley Gardens se yon lòt egzanp kreyativite, travay di, ak devouman ke moun ki nan Lwès New York genyen. Avèk devlopman sa a, opòtinite pou bay plis nan granmoun aje nou yo lojman konfòtab, ki abòdab nan vilaj Holley a montre ankò yon lòt fason kominote nou yo kontinye bay an retou epi sipòte youn ak lòt. Mwen pa ka tann pou mwen wè konplèks la ranpli, ak wè bèl lavi ke vwazen nou yo ka pote ladan".

**Majistra Kevin Lynch te deklare,** "Nan yon peryòd senk ane, ansyen lekòl segondè a deja transfòme an lojman pou granmoun aje ak nouvo espas pou biwo vilaj yo ak pou reyinyon piblik yo. Sa a se yon gwo chanjman pou vilaj Holley a. Mèsi ak Home Leasing, Edgemere Development ak tout moun ki te travay pou fè pwojè sa a yon reyalite".

**Prezidan Lejislati Konte Orleans Ian, Lynne M. Johnson, te deklare,** "Gras ak travay di ak angajman anpil moun, Holley Gardens se premye reyitilizasyon adaptif ki ofri lojman pou granmoun aje ki abòdab, biwo minisipal ak espas kominal pou benefis tout moun ki ap viv ak travay nan Konte Orleans. Redevlopman espektakilè ansyen lekòl segondè a se pi bèl egzanp patnè piblik ak prive yo k'ap travay ansanm pou prezève ak amelyore yon fason dirab kominote ki pi piti yo avèk resous istorik yo".

**Direktè Egzekitif Jeneral Home Leasing, Bret Garwood, te deklare,** "Nou kontan anpil paske nou fè pati transfòmasyon Lekòl Segondè istorik Holley a ki te abandone depi lontan an Holley Gardens. Avèk pwojè sa a, nou ap ede adrese bezwen esansyèl pou lojman abòdab pou granmoun aje yo epi sa antre nan kad kreye yon vilaj ki dinamik. Mwen rekonesan anvè tout patnè nou yo tankou Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York, Vilaj Holley, ak Edgemere Development, ki te ofri ekspètiz yo ak devouman yo pandan tout pwosesis la".

**Fondatè Edgemere Development Ian, John Oster te deklare,** "Anpil moun te panse pa te gen okenn espwa oswa itilizasyon pou bèl ansyen lekòl sa a. Finisman pwojè ki pote siksè sa a se rezilta volonte ak kolaborasyon Edgemere, Home Leasing, Vilaj Holley ak Konte Orleans, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote NYS, Key Bank, ak lòt patnè piblik ak prive nou yo. Kounye a Holley Gardens se yon kay ki akeyi granmoun aje nou yo ak biwo enpòtan Vilaj la yo".

**Direktè Egzekitif Landmark Society of Western New York la, Wayne Goodman, te deklare,** "Pwojè enpresyonan ak kolaboratif sa te konvèti yon pasif pwoblematik an yon vrè resous kominotè, epi lè nou fè sa, nou sove yon batiman istorik iranplasab ki te deja

jwe yon gwo wòl fòmàtè nan pase Holley. Avèk rezilta final la ki bay bon jan lojman ak amelyore distri komèsyal Holley a, pwojè sa a se yon premye egzanp sou fason prezèvasyon istorik elve kominote nou yo atravè New York".

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)